


READY NEW YORK

REDUCING RISK OUT



NYC
Emergency
Management



SA KI NAN LIV LA

 **INONDASYON** 4

 **TANPÈT LAKÒT** 8

 **TÒNAD/VAN TANPÈT** 12

 **TRANBLEMANNTÈ** 14

 **DIFE TI PYEBWA** 16

 **GWO-GWO CHALÈ** 18

 **TAN SEZON LIVÈ** 20

 **PLIS RESOUS** 22

Alòske li enpòtan pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont ijans yo, li enpòtan pou pwoteje pwopriyete ou.

Ready New York: Seksyon Redui Risk Ou prezante etap pwopriyete kay yo kapab fè pou yo prepare pou diminisyon dega nan danje – aksyon ki pa koute chè epi ki dirab yo kapab fè pou redui risk pou anpil tan pou lavi moun oswa pwopriyete nan danje yo.

INONDASYON



Inondasyon se youn nan katastwòf natirèl ki frape pi souvan. Vil New York fasil pou anba diferan kalite inondasyon, ki gen ladan:

- **Inondasyon toudenkou:** inondasyon ki fèt akòz gwo lapli lè ritm presipitasyon an depase kapasite pou dlo a absòbe oswa koule. Inondasyon toudenkou kapab lakòz dlo ize yo monte nan lari. Lè dlo ize yo monte nan lari sa kapab lakòz sousòl yo ak kav yo inonde.
- **Inondasyon lakòt:** inondasyon ki fèt lè yon sistèm presyon ba ki gen entansite nan lanmè mennen dlo lanmè a sou tè. Dlo ki pouse sou rivaj la rele onn tanpèt. Tout litoral Vil New York, ansanm ak Rivyè East, Rivyè Hudson, ak Rivyè Harlem, ka anba inondasyon lakòt.
- **Inondasyon lamare:** fèt lè wotè mare a rive nan nivo ki pi wo a, sa ki rele yon gran mare. Gran mare sa yo kapab inonde tè a ki pa afekte anjeneral avèk mare ki gen wotè minimòm oswa mwayen. Inondasyon lamare kapab fèt san pa gen tanpèt.
- **Inondasyon flèv:** fèt lè dlo rivyè yo ak kouran dlo debòde.

REDUI RISK OU






Anvizaje estrateji ki endike anba la yo pou pwoteje kay ou kont inondasyon:



- Vil New York depannde Kat Jewografik Asirans pou Inondasyon [Flood Insurance Rate Maps (FIRM)] FEMA pou enfòmasyon sou posiblite pou risk inondasyon pou inondasyon lakòt ak inondasyon flèv. Kat jewografik sa yo reprezante evalyasyon ofisyèl gouvènman federal pou risk inondasyon selon zòn. Ale sou sitwèb www.region2coastal.com pou jwenn lòt konsèy.
- Pran asirans pou inondasyon. Anjeneral, pwoteksyon kont pèt akòz inondasyon pa garanti anba yon kontra asirans kay. Ale sou sitwèb www.floodsmart.gov pou jwenn plis enfòmasyon.
- Bati kay ou avèk materyo k ap reziste kont domaj inondasyon, tankou beton ki koule anplas, blòk beton, ak bwa estriktirèl solid (pa egzanzp, 2x4, elatriye). Ale sou sitwèb www.fema.gov pou jwenn lòt konsèy.

- Anboche yon Achitèk oswa yon Enjenyè Pwofesyonèl Anrejistre ki gen lisans Eta New York pou detèmine pi bon chwa pou modènize kay ou, sa ki vle di w ap fè modifikasyon nan fondasyon ki la deja pou redui oswa elimine posiblite pou kay ou domaje. Men kè estrateji pou modènize kay ou, men se pa sa sèlman:


- Elevasyon: vle di monte yon kay yon fason pou etaj ki pi ba anwo nivo inondasyon. Elevasyon se fason ki pi komen pou bilding rezidansyèl yo evite domaj inondasyon.
- Metòd pwoteksyon pasyèl: se yon pwoteksyon ou reyalize lè ou konvèti espas ki anba elevasyon pou inondasyon referans ki dwe konstwi avèk materyo k ap reziste kont domaj inondasyon, ak tiyo evakyasyon k ap pèmèt dlo antre nan espas la pandan inondasyon epi k ap disparèt apre inondasyon an.
- Metòd pwoteksyon total: bouche kay ou anba the anba elevasyon pou inondasyon referans pou anpeche dlo inondasyon antre nan kay la.
- Monte eleman ak ekipman sistèm elektrik, mekanik, ak plonbri anwo nivo inondasyon ki prevwa dapre estanda plan ki apwopriye yo, epitou pran mezi pwoteksyon pou yo kont inondasyon.

- Si ou konsève dlo anplas oswa kreye espas vèt ki pa simante toutotou kay ou pou amelyore enfiltrasyon sa kapab ede redui ekoulman nan dlo ize yo, sa k ap ogmante kapasite dlo ize ki disponib yo.



 NIVO INONDASYON YO PREVWA
 TÈ

- Enstale dispozitif anti-refoulman (ki rele soupap anti-retou tou) pou anpeche dlo ize pase nan plonbri sousòl la pou monte nan kay ou. Yon lòt fòm pwoteksyon se



- Enstale bon jan goulèt ak drenaj do kay la: netwaye goutyè yo souvan, epi konekte goulèt yo avèk kanalizasyon apwopriye yo. Anvizaje ogmante etap sa yo. Pou fè sa, enstale yon barik ranmasaj dlo lapli pou kapte dlo tanpèt ki dwe kanalize pita.
- Pwoteksyon antre ki nan zòn depresyon: si kay ou gen yon antre ki panche anba nivo lari a, Minisipalite Vil la rekòmande ou pou kontakte yon pwofesyonèl lisansye pou ede ou evite inondasyon sousòl ou.
- Fikse tank konbistib ki anedan ak deyò.
- Lòt mezi:
 - Si w ap viv nan yon zòn ki ka anba inondasyon, kenbe materyo, tankou sak sab, playoud, twal bach plastik, ak bwa konstwiksyon, anplas pou pwoteje kay ou.
 - Fè antretyen nan koneksyon dlo ize ou: pa janm vide grès oswa lwil kuizin nan kanalizasyon an, epitou pa floche atik ki p ap fè flanm yo ladan.
 - Kenbe objè valè ou yo ak lòt sa ou posede nan resipyan enpèmeyab ak nan etaj ki pi wo a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou modènizasyon bilding rezidansyèl, gade Gid FEMA pou Pwopriyetè Kay yo pou Modènizasyon depi ou ale sou sitwèb www.fema.gov.



TANPÈT LAKÒT



Tanpèt lakòt, tankou tanpèt nòdès, tanpèt twopikal ak ouragan, kapab epi afekte Vil New York. Jewografi kotyè vil la, ansanm avèk gwo popilasyon li ak gwo konsantrasyon devlopman fè li pi fasil pou gen domaj nan tanpèt lakòt yo.

Tanpèt lakòt yo vini avèk gwo van, inondasyon lakòt ak lapli. Yo kapab pote loraj ki grav, tònad, nèj oswa glas selon kalite tanpèt la.

Vil New York pi arisk pou gen tanpèt nòdès ant mwa oktòb ak avril. Menmsi sezon ouragan Atlantik dire ant mwa jwenn ak novanm, Vil New York pi arisk ant mwa out ak oktòb.

REDUI RISK OU

- Konnen risk ki asosye avèk pozisyon kay ou oswa pwopriyete ou.
 - Pou asirans oswa pou objektif kontwòl, detèmine si pwopriyete ou nan yon zòn inondasyon FEMA sou sitwèb www.region2coastal.com.
 - Pou pwoteksyon lavi ou, detèmine si pwopriyete ou nan yon zòn pou deplase pou ouragan sou sitwèb NYC.gov/knowyourzone.
- Pran asirans pou inondasyon.
 - Anjeneral, pwoteksyon kont pèt akòz inondasyon pa garanti anba yon kontra asirans kay. Ale sou sitwèb www.floodsmart.gov pou jwenn plis enfòmasyon.
 - Revize kontra asirans lokatè oswa pwopriyete kay pou konprann kisa ki pwoteje kont tanpèt lakòt ak danje asosye yo.

Antretyen Jeneral

- Anboche yon Achitèk oswa yon Enjenyè Pwofesyonèl ki Anrejistre nan Eta New York pou enspekte kay ou pou sè si li nesèsè pou modènize kay la. (Gade seksyon *Redui Risk Ou: Inondasyon* pou jwenn plis detay.)
- Chak peryòd, netwaye pwopriyete ou, epi jete nenpòt fatra oswa debri ki kapab vin pwojektil pandan yon tanpèt.
- Ranplase peyizaj ki gen gravye/wòch avèk ti moso kòs bwa pou redui risk pou domaj nan debri van an ap pote. (Gade imaj ki adwat la.)

- Koupe branch yo/retire pyebwa yo sou pwopriyete ou ki kapab tonbe sou kay yo oswa sou liy kouran yo.
- Si yo prevwa yon tanpèt, mete mèb ki deyò yo andedan oswa mare yo solid.

Twati ak Chemine

- Tcheke eta twati ou de fwa chak ane.
- Tcheke andedan miray yo pou penti ki gen fant, plak plat ki pèdi koulè, papye penti k ap dekalè, oswa tach ki genyen akòz fuit dlo, paske bagay sa yo endike gen kote nan twati a ki domaje.
- Enspekte twati ou depi nan tèt avèk longvi, pou chèche bado ki gen fant, ki boukle oswa ki pa la, pèt kouch pwoteksyon, oswa jwenti ki lache.




- Enspekte kouvèti twati a ki la pou asire si li tache kòrèkteman epitou pou sere li si li nesèsè.
- Tcheke eta mòtye ki nan miray chemine a ak parapè yo pou ewozyon oswa fant. Tout eleman fondasyon an dwe vètikal oswa nan pozisyon kote yo te enstale anvan an.

Badaj

- Tcheke badaj ou pou eleman ki deplase oswa ki lache. Sonje yo enstale badaj aliminyòm yo raman yon fason ki konvnan pou satisfè estanda plan yo. Vis badaj yo dwe enstale fon nan bwa ki bon kalite.

Miray Fondasyon an

- Verifye si estrikti an bwa miray deyò a fikse nan sipò a epitou verifye si sipò a fikse nan miray fondasyon an (sètadi, beton oswa inite masònri beton). Anpil bilding yo te bati anvan ane 1968 gen ankraj sa a ki pa la; ansyen kòd konstwiksyon an pa t egzije yo yon fason fòmèl. Si ankraj sa a pa la, enstale youn avèk kouwa oswa dispozitif ki klase.



Fenèt yo ak Pòt yo

- Asire pòt yo gen omwen twa (3) gon ak seri sekirite.
- Imedyatman ranplase nenpòt fenèt ki fann oswa ki kraze.
- Lè w ap fè nenpòt travay ranplasman oswa antretyen fenèt yo, twati a oswa pòt yo, asire materyo ou pote yo evalye pou vitès van Vil New York ak kategori ekspozisyon bilding ou, dapre kat jewografik Kòd Konstwiksyon Vil New York. Anvizaje sa ki anba la yo:
 - Etikèt la ta dwe endike yon klasman pou vitès van debaz 100 mph pou yon rafal van twa segonn oswa 80 mph pou ekspozisyon kategori C nan van.
 - Bilding ki nan pozisyon 600 pye avèk litoral la ta dwe itilize materyo yo klase pou vitès van 100 mph ak ekspozisyon kategori D nan van.

- Lè yon etikèt manifakti fenèt pa endike vitès van an, men presyon van an pito, ou pa ta dwe itilize pwodui ki gen presyon van ki pi piti pase 30 li pou chak pye kare (psf).

- Anvizaje enstale pèsyèn nan bilding ki toupre oseyan oswa bè ki louvri.

Lòt Ti Konsèy ak Enfòmasyon

- Kay yo te bati anvan kòm kay vakans pi arisk pandan inondasyon yo ak gwo van yo, sitou paske kay sa yo toupre lakòt la anjeneral. Kay ansyen yon etaj ki gen fondasyon an bwa yo gen pi gwo risk pou domaj tou.
- Menmsi plan bilding yo ta dwe fèt pou reziste kont yon vitès van 98 mph, bilding ki sou yon distans 600 pye avèk oseyan an oswa gwo bè yo gen pi gwo risk epi yo bezwen modle yo pou yon pi gwo kategori ekspozisyon.



TÒNAD AK VAN TANPÈT



Tònad yo fè anpil destwiksyon lè y ap fè wotasyon kolòn lè ki parèt tankou nyaj ki gen fòm antonwa epi ki pwolonje desann nan baz yon nyaj loraj nan direksyon tè a. Tònad yo vini avèk vitès van ki kapab rive a plis pase 200 mph epi ki kapab derasinen pyebwa, domaje bilding ak lage bilding atè, epitou lakòz objè file yo tounen debri k ap vole ki menase lavi ou. Pifò domaj tònad yo lakòz soti nan vitès van an ak nan debri van an pote, epitou ak gwo grèl


Van tanpèt yo asosye souvan avèk lòt tanpèt, tankou ouragan oswa tanpèt nòdès, men yo ka frape apa. Gwo van yo kapab lakòz pyebwa ak liy kouran yo tonbe, debri k ap vole, ak domaj nan bilding yo – tout sa ka lakòz blakawout, deranjman nan sèvis transpò a, domaj nan fondasyon bilding yo ak nan veyikil yo, ak chòk pèsònèl ak lanmò. Menm jan avèk tònad yo, debri k ap vole se kòz prensipal domaj yo pandan yon van tanpèt.

Menmsi Minisipalite Vil la ap kontwole deprè, kapab gen move tan, tònad ak van tanpèt avèk yon ti avètisman oswa san avètisman. Akòz dansite anviwònman iben Vil New York, gwo van yo ak debri k ap vole yo reprezante yon menas grav pou bilding yo ak enfrastrikti yo.

REDUI RISK OU

- Konnen kote ki pi pwoteje lakay ou pou ale si ofisyèl yo bay yon avètisman pou move loraj oswa tònad pou zòn ou. Anjeneral se yon sousòl oswa yon chanm andedan ki pa gen fenèt, tankou yon twalèt, yon plaka, oswa yon koulwa andedan ki nan etaj enferyè bilding nan.
- Si yo prevwa move tan nan zòn ou, mare nenpòt atik ki ka vin pwobjektif, tankou atik oswa ekipman nan tè oswa ki monte sou twati oswa patyo deyò kay ou.
- Koupe branch yo epi/oswa retire pyebwa yo sou pwopriyete ou ki kapab tonbe sou kay yo oswa sou liy kouran yo.
- Aplike antretyen bilding woutin:
 - Kenbe twati yo sere epi nan bon eta.
 - Pwoteje kònich yo ak pano aliminyòm yo.
 - Jwentwaye mòtye a souvan (sitou parapè ak chemine yo).
 - Repare tout fant yo.
- Ranplase vit yo pa evalue pou van nan Vil New York (sètadi, 30 liv pou chak pye kare [psf] pou bilding ki gen yon wotè mwens pase 100 pye).

- Pou ansyen bilding brik ki pa gen ranfòsman, anboche yon Achitèk oswa yon Enjenyè Pwofesyonèl Anrejistre ki gen lisans Eta New York pou ede ou avèk sa ki endike anba la a:
 - Ranplase parapè masònri ki pa ranfòse avèk parapè masònri ki ranfòse epitou fikse yo nan rès bilding nan.
 - Ajoute chapant pou fikse parapè bilding nan avèk sipò asye dyagonal epi fè reparasyon parapè mòtye a.
 - Repare parapè ki panche yo ak chemine masònri a.
 - Repare tout fant fondasyon masònri a. Pou fè sa, ranplase brik ki fann yo.
 - Fikse estrikti twati a nan miray sipò yo.
 - Enstale boulon pou konekte kay ou ak fondasyon li.
- Fikse tout konstwiksyon an bwa nan fondasyon yo.
- Ranplase dimansyon twati graviyon avèk dimansyon ki endike nan Kòd Konstwiksyon Vil New York.



- Graviyon twati a la pou fikse twati a nan fondasyon an selon pwa senp lan. Gen yon kantite materyo yo itilize souvan pou reyalize sa, tankou gravye fen oswa pyè; men, pandan yon tònad oswa yon gwo van, materyo sa yo kapab vin pwobjektif avèk vitès van an.

- Pou redui domaj nan grèl la, ranplase kouvèti twati a avèk materyo ki pi byen klase posib (Kategori 4 anba estanda 2218 Underwriters Laboratories).
- Ranfòse koneksyon yo ant twati ak miray ou, epi ant miray ou ak fondasyon estrikti a. Anboche yon antreprenè si li posib.
- Asire sistèm elektrik kay ou oswa biznis ou konekte kòrèkteman nan tè pou asire operasyon efikas milti-plòg yo.
- Enstale yon milti-plòg pou tout kay la pou diminye domaj nan kout-zèklè yo.
 - Enstale pwoteksyon siplemantè pou ekipman elektwonik ki enpòtan oswa ki chè.

TRANBLEMANNTÈ



Yon tranblemanntè se yon sekous tè a ki fèt toudenkou ak rapid akòz de (2) blòk latè ki glise youn sou lòt anba sifas la. Pifò tranblemanntè yo soti na fay ki la deja, kote wòch ki sou swa sou kote fay yo deplase youn sou lòt, oswa nan yon nouvo fant nan wòch ki fòmè kwout latè.


Menmsi Vil New York pa chita sou yon gwo liy fay, tranblemanntè yo kapab epi afekte zòn nou. Yon gwo popilasyon, yon gwo kantite enfrastrikti ki bati epi mank kòd modèl sismik pou bilding yo anvan ane 1996 ogmante risk vil la. Yo jwenn ansyen kay brik yo pi arisk pou yo efondre pandan tranblemanntè yo (parapò avèk bilding an bwa, bilding beton modèn yo oswa bilding asye).

REDUI RISK OU

Anvizaje fè etap ki endike anba la yo pou asire pwopriyete ou pwoteje kont tranblemanntè:

- Aplike antretyen bilding woutin:
 - Kenbe twati yo sere epi nan bon eta.
 - Pwoteje kònich yo ak pano aliminyòm yo.
 - Jwentwaye mòtye a souvan – sitou parapè ak chemine yo.
 - Repare tout fant yo.

- Pwoteje/modifye antre liy gaz la nan bilding nan pou fasilite kèk mouvman.
- Tache aparèy chofaj dlo a avèk kouwa nan yon miray toupre. Si yon gaz aparèy chofaj dlo ki fonksyone ak gaz tonbe pandan yon tranblemanntè, li kapab kase liy gaz la epi kòmanse yon dife.
- Fikse gwo aparèy menaje nan miray yo avèk kab sekirite oswa kouwa. Fèmen silend nenpòt gwo aparèy menaje oswa pyès mèb. (Gade imaj ki adwat la.)



- Ranfòse sistèm pwoteksyon dife komèsyal yo yon fason pou liy sistèm awozwa a pa dekole nan pwen koneksyon yo.
- Aplike film sekirite nan fenèt yo ak nan pòt ki gen vit yo.
- Pwoteje limyè plafon yo, plafon ki sispann yo ak lòt atik ki kwoke yo, tankou chandelye ak plant yo, nan fondasyon pèmanan kay ou.
- Take oswa mare plaka, bibliyotèk, ak etajè nan miray la, epi kite objè lou yo sou etajè ki ba yo.
- Enstale fèmwa sou tiwa yo ak sou pòt plaka yo.
- Monte televizyon ekran plat yo, imaj yo ak glas yo an sekirite.
- Fikse tout konstwiksyon an bwa nan fondasyon yo.
- Pou ansyen bilding brik ki pa gen ranfòsman, anboche yon Achitèk oswa yon Enjenyè Pwofesyonèl Anrejistre ki gen lisans Eta New York pou ede ou avèk sa ki endike anba la a:
 - Ranplase parapè masònri ki pa ranfòse avèk parapè masònri ki ranfòse epitou fikse yo nan rès bilding nan.
 - Ranplase parapè ki panche yo ak chemine masònri ki pa estab yo.
 - Repare tout fant fondasyon masònri a. Pou fè sa, ranplase brik ki fann yo.
 - Fikse estrikti twati a nan miray sipò yo.
 - Enstale boulon pou konekte kay ou ak fondasyon li.
 - Ajoute chapant pou fikse parapè bilding nan avèk sipò asye dyagonal epi fè reparasyon parapè mòtye a. (Gade imaj ki anba la a.)



DIFE TI PYEBWA



Menmsi Vil New York pa pran dife forè devastatè ki afekte Etazini oksidantal, kapab gen dife ti pyebwa nan vil la, anjeneral nan sezon prentan ak lotòn nan kèk pati vil la lè vejetasyon an sèk.

Pifò dife ti pyebwa nan Vil New York piti epi yo pa afekte bilding yo. Men, gen anpil zòn kote kay yo ak bilding yo toupre zòn louvri ki gen tanpon minimòm oswa tanpon natirèl – sitou nan Staten Island.

REDUI RISK OU

Diminye domaj yo nèt nan kay ou oswa nan biznis ou lè gen dife ti pyebwa. Pou fè sa, egzamine anpil kalite estrikti ki andedan ak deyò pwopriyete ou.

Kay yo bati sitou avèk materyo konbistib (tankou bwa) gen pi gwo risk la.

Antretyen Jeneral

- Enspekte epi retire vejetasyon ki ansyen oswa ki mouri ak debri ki toutotou pwopriyete ou, tankou twati yo, vid sanitè yo, tiyo evakyasyon yo, teras an bwa yo, elatriye, pou redui konbistib dife a.
- Koupe branch pyebwa ki sou yon distans sis (6) pye avèk twati ou.
- Kreye zile vejetasyon epi retire gwo ti pyebwa ki anba pyebwa yo pou dife a pa jwenn yon chemen pou antre lakay ou.

Twati yo

- Jwenn klasman dife twati ou. Si twati ou bezwen ranplase, Kategori A bay pi bon rezistans ak pi bon pwoteksyon kont dife. Ale sou sitwèb Underwriters Laboratory, www.ul.com, pou jwenn lòt konsèy.

Tiyo evakyasyon

- Netwaye tiyo evakyasyon souvan pou diminye akimilasyon debri yo nèt nan may la.

Badaj


- Si badaj konbistib la limen, li ka menase lòt pati nan yon kay, tankou fenèt yo oswa zòn ki anba avantwa a.
- Si ou gen badaj konbistib, enspekte li chak ane pou twou epitou asire yo ranpli avèk mastik kalite siperyè.



IMAGE: TWATI KLAS A

Avantwa

- Zòn ki anba avantwa a frajil si flanm dife oswa chabon cho pase nan nenpòt twou oswa tiyo evakyasyon pou antre nan zòn galta a.
- Ranplase estrikti avantwa ki louvri a avèk yon modèl avantwa plafon oswa ki nan bwat.



Fenèt yo

- Enstale fenèt ki gen vitraj doub yon fason pou vitraj deyò a kapab sèvi kòm yon pwoteksyon pou pwoteje vitraj andedan an.
- Vit tranpe yo pisan epi y ap bay pwoteksyon siplemantè pandan yon dife ti pyebwa.
- Pèsyèn yo oswa kouvèti yo ka bay pwoteksyon siplemantè.

Teras an bwa yo

- Pou plan teras an bwa yo, itilize bwa konstwiksyon ki mezire omwen de (2) pous nan epesè.
- Pa estoke materyo konbistib yo anba teras an bwa a.

Kloti yo

- Pa konstwi kloti avèk materyo konbistib. Itilize materyo ki pa konbistib, tankou bwa ki reziste nan alimaj dife, bwa ki pi epè (1.5 pous oswa pi gwo), oswa kloti ki gen mayon chèn avèk lyann grenpant.

Garaj yo

- Garaj ki gen pòt-woulant yo kapab gen koup-biz epi yo kapab bouche nan pwent.
- Ranplase pòt vitre deyò yo avèk materyo oswa panotaj yo klase pou dife.
- Ranplase pòt garaj ki gen panotaj vitre yo avèk vit yo klase pou dife oswa ranpli yo avèk mastik.
- Diminye itilizasyon konbistib yo nèt nan remiz vwati yo.

Dekonpozisyon Bwa

- Kèk nan kote enpòtan pou chèche dekonpozisyon bwa se nan kwen anba sipò fenèt an bwa yo, perimèt teras an bwa yo, ak nenpòt lòt zòn kote bloke nan twou oswa liy bwa yo.
- Pou redui risk pou dekonpozisyon bwa:
 - Mastike nenpòt twou ak liy ki vizib. Enspekte tout mastikaj ki la deja epi ranplase yo si li nesèsè.
 - Retire tè sou yon distans apeprè yon pous avèk anba kloti yo.

GWO-GWO CHALÈ



Gwo-gwo chalè kapab afekte yon gwo pati nan kò a. Si ou ekspoze nan gwo-gwo chalè pandan twò lontan sa ka lakòz ou gen pwoblèm sante grav. Granmoun ajè, timoun ak moun ki gen pwoblèm medikal kwonik se moun ki pi arisk. Pou jwenn lòt enfòmasyon sou efè gwo-gwo chalè sou sante, ale sou sitwèb NYC.gov/health.

REDUI RISK OU

- Enstale yon twati ki gen koulè pal (vèt oswa blan) pou bese tanperati andedan bilding nan epitou pou ede redui efè zile tèmik iben an. (Gade imaj ki anba la a.)



- Enstale fenèt ki gen anpil pèfòmans. Fenèt sa yo gen karakteristik sa yo souvan:
 - Anpil kouch vitraj (kawo vit ki separe), ki ogmante pwopriyete izolasyon fenèt la ak pwopriyete rediksyon son.
 - Kouch ki bay fèb emisivite – kouch transparan oksid leten oswa oksid ajan ki depoze sou sifas vit la pou pèmèt limyè pase pandan l ap bloke yon gwo kantite chalè.
- Enstale ovan sou fenèt ou yo.
- Tcheke eta è-kondisyone ou ak sistèm ayerasyon yo anvan kòmansman mwa ki pi cho yo.
 - Si ou pa gen è-kondisyone santral, achte yon inite è-kondisyone epitou sonje pou netwaye filtè li chak peryòd.
- Izole miray ak galta bilding ou.
- Teste kay ou pou "etancheyite lè a." Nan yon jou ki gen anpil van, pandye yon baton lansan ki limen oswa yon bouji toupre fenèt ou yo, pèt ou yo, bwat elektrik yo, enstalasyon plonbri yo, priz-kouran yo, enstalasyon plafon, mach ki bay aksè nan galta, ak lòt kote ki ka gen fuit lè k ap soti deyò a. Si kouran lafimen an ap deplase sou fòm orizontal, sa vle di ou te mete yon fuit lè ki ka bezwen bouche.
 - Bouche pèt ak fenèt ki gen fuit lè.
 - Bouche fuit lè yo kote plonbri a, adeziv yo, oswa enstalasyon fil elektrik yo pase nan miray yo, planche yo, ak plafon yo sou plaka yo.
 - Itilize mastik abaz mous sou pi gwo twou ki toutotou fenèt yo, antibwa yo, ak lòt kote ki ka gen fuit lè.

Anjeneral, Vil New York gen youn oswa plis peryòd gwo-gwo chalè chak sezon lete, lè tanperati yo ki depase tanperati mwayen an ak/oswa nivo imidite wo dire yon peryòd tan ki pi long.

Moun New York menase tou nan "efè ti zile tèmik iben," yon fenomèn kote asfalt, beton oswa metal ki fòme bilding ak enfastrikti vil la absòbe plis chalè nan solèy la pase nan zòn toupre ki gen plis pyebwa ak vejetasyon. Sa kenbe tanperati lè a pi cho, sitou pandan lannwit lè pifò chalè a degaje.

TAN NAN SEZON LIVÈ



Tout zòn Vil New York ka pran anpil kalite tanpèt livè. Fòm move tan sa yo vini souvan avèk gwo-gwo fredri, nèj ak glas. Faktè sa yo kapab afekte bilding, enfrastrikti ak sèvis vil la, anplis sante ak sekirite piblik la.

Pou jwenn lòt enfòmasyon sou fason pou pwoteje sante ou pandan mwa sezon livè yo, ale sou sitwèb NYC.gov/health.

Menmsi li ra, nèj ak glas kapab lakòz domaj nan fondasyon an oswa efondreman twati a si yo pafè antretyen nan bilding yo kòrèkteman.

REDUI RISK OU

Antretyen Jeneral

- Retire glas ak nèj san pèdi tan nan branch pyebwa, sou twati ou, ak nan lòt estrikti yo.
 - Si nèj/glas anpile, retire li avèk yon rato nèj ki gen yon manch long pou ou kapab retire li san pwoblèm pandan ou kanpe sou tè a, oswa anboche yon antreprenè ki pou retire nèj la.
- Netwaye branch pyebwa oswa branch ki kapab tonbe sou kay ou oswa sou liy kouran an.
- Retire fèy yo ak lòt debri ki nan goutyè yo.
- Enspekte epi repara tout bwa ki gen pouri (sitou lè kote ki pouri a toupre miray deyò yo).

- Repare plafon ki lache yo.
- Ranplase tout poto twati ki domaje yo.
- Enstale yon dèlko sekou.

Twati yo

- Fè antretyen nan bilding ou depi ou retire debri ki sou twati yo, elatriye.
- Anboche yon Achi tèk oswa yon Enjenyè Pwofesyonèl Anrejistre ki gen lisans Eta New York pou tcheke kapasite estrikti twati a pou sipòte pwa lou souvan lè nèj yo anpile.
- Si bilding ou gen yon twati ki plat, li pi fasil pou li kenbe madlo, sa ki kapab lakòz fuit dlo epi menm efondreman, parapò avèk yon twati ki gen pant.
- Repare fuit ki nan twati a.
- Kenbe galta a byen ayere pou pa kite li nèj/glas fonn ak refwadi sou twati a, sa ki kapab lakòz efondreman bilding nan.

Izolasyon

- Ajoute izolasyon bilding nan miray yo ak galta yo.
- Asire papòt yo ak fenèt yo bouche avèk efikasite depi ou itilize:
 - Ovan
 - Fenèt ki bouche lè epi ki gen anpil pèfòmans

Pwoteje tiyo ou yo

- Izole tiyo yo avèk tiyo aspirasyon pòch oswa anbalaj, paske tiyo ki ekspozè yo ka konjle.
- Kite wobinè yo degoute pandan gen tan ki frèt anpil pou evite tiyo yo eklate.
- Kenbe tiyo dlo yo lwen galta yo, vid sanitè yo, ak miray deyò ki frajil yo.
- Bouche fant ak twou ki nan miray deyò a ak nan fondasyon ki toupre tiyo yo avèk mastik.
- Kite pòt plaka y louvri pandan peryòd gwo fredri yo pou pèmèt lè cho sikile toutotou tiyo yo.



PLIS RESOUS



Jesyon Ijans Vil New York

nyc.gov/emergencymanagement

Redui Risk Ou

nyc.gov/reduceyourrisk

Plan pou Diminye Dega Danje nan Vil New York

nyc.gov/hazardmitigation

Ready New York

nyc.gov/readyny

Konnen Zòn Ou - Preparasyon pou Ouragan nan Vil New York

nyc.gov/knowyourzone

Depatman Konstwiksyon Vil New York

nyc.gov/buildings

Depatman Ponpye Vil New York

nyc.gov/fdny

Biwo Majistra Vil New York pou Redrèsman ak Rezilyans

nyc.gov/resiliency

Biwo Majistra Vil New York pou Operasyon Sekou pou Bay Lojman

nyc.gov/recovery

FEMA

www.fema.gov/hazard-mitigation-grant-program

Divizyon Eta New York pou Sekirite Teritwa ak Sèvis Pou Ijans

www.dhses.ny.gov

Notify NYC

nyc.gov/notifynyc

@NotifyNYC

Jesyon Ijans Vil New York sou Facebook:

www.facebook.com/NYCemergencymanagement

ak Twitter:

@nycemergencygmt

RESOUS ASIRANS

Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon

www.floodsmart.gov

1-888-379-9531

Analiz ak Katografi FEMA pou Lakòt Rejyon II

www.region2coastal.com

Depatman Sèvis Finansye Eta New York

www.dfs.ny.gov

1-800-342-3736

Enstiti Asirans pou Sekirite Biznis ak Kay

www.disastersafety.org

(813) 286-3400

Neighborhood Housing Services of New York City, Inc.

www.nhsnyc.org

212-519-2500

Insurance Information Institute

www.iii.org

212-346-5500

Sof si ou jwenn lòt nòt, rele 311 (TTY: 212-504-4115), oswa itilize sitwèb nyc.gov pou kontakte ajans Vil la.



Gid sa a disponib tou nan fòm a odyo ak nan lang ki endike anba la yo.

Arabic

رُز NYC.gov/readyny للحصول على نسخ باللغة العربية من هذا الدليل.

Bengali

এই নির্দেশিকাটির বাংলা কপিৰ জন্য NYC.gov/readyny দেখুন

Chinese

請撥打311或訪問NYC.gov/readyny，獲得本指南的中文版本。

English

Call 311 or visit NYC.gov/readyny for copies of this guide in English.

French

Visitez NYC.gov/readyny pour obtenir des exemplaires de ce guide en français.

Haitian Creole

Ale nan sitwèb NYC.gov/readyny pou jwenn kopi gid sa a nan lang Kreyòl Ayisyen.

Italian

Visita il sito NYC.gov/readyny per ricevere una copia di questa guida in italiano.

Korean

한국어로 된 안내서 사본은 NYC.gov/readyny를 방문하십시오.

Polish

Kopia w języku polskim jest opublikowana pod adresem NYC.gov/readyny.

Russian

Позвоните по номеру 311 или посетите сайт NYC.gov/readyny, чтобы получить эту брошюру на русском языке.

Spanish

Llame al 311 o visite NYC.gov/readyny para obtener acceso a este folleto en español.

Urdu

اس رہنما پرچے کی کاپی اردو زبان میں حاصل کرنے کے لیے NYC.gov/readyny ملاحظہ کریں۔

Yiddish

באזוכ NYC.gov/readyny פאר קאפּיס פון דעם פאפּיר אין אידיש.